NAGRI KUTA ALAM

1. PUPUH ASMARANDANA

//1. Sim kuring diajar nulis, 1
ku hayang gaduh wawacan,
itikurih nyiar conto,
jalanna anu utama,
supaya hirup sampurna,
jalan muji ka Yang Agung,
kumbureh ka Nu Ngambura.

2. Batin lahir nu lalahir,
aherat dunya aherat
muga nu ngalahir kabeh,
sami salamet lahirna,
muga salamet batinna,
sadayana nu nunuhun,
dikobul sapanejana.// 2

3. Salamet dunya bukti,
salamet aherat nyata,
sae manah ka saderek,
sumawon ka bangsa sapuh,
sareng kasana kadang miwulang, (sic gurwil)
sasauran bari imut,
manias budi tina manah.

4. Kawit jisim kuring nulis,
di tahualip wartosna,
hijrah anu kacarios,

sewu (pat puluh) tilu ratus warsa, (sic)
opat puluh lima langkungna, (sic gurwil)
Salasa tabuh sapuluh,
ping hiji Jumadil Awal

5. Hiji aya nu dikuring,
carios jaman baheula,// 3
nagara kalangkung rame,
ngaran Nagri Kuta Alam,
nalika jaman harita,
kaceluk ka awun-awun,
sohor ka unggal nagara.

6. Nagri sae sareng resik,
hejo lembok pepelakan,
tina margi tanah lendo,
didamelna siang wengi henteu kendat, (sic)
dupi pepelakanana,
bungbuahan warna sewu,
sewu rupi kekembangan.

7. Warna sewu bangsa beuti,
warna sewu pupucukan,
eta sadayana landong,
taya nu matak cilaka,
damang pangeusi nagara,
jadi nagri mulya ratu,
mulya kaabdi-abdina.// 4

8. Sato hewan kitu deui
mulus lintuh baranahan,

henteu kurang parah embe
anu dikurung nu ngencar,
pada nyarab ka Tegal,
arulin ka kebon jukut,
diurus ku pangangona.

9. Saumpami bade meuncit,
boh sapi bon munding domba,
boh meri soang jeung entog,
dipilihan anu halal,
nu ngangon sok kenging ilham,
aya latip nu (………),
yen kuring dawuh Yang (Agung) sukma, (sic)

10. Mungguh jasad jisim kuring,
kedah dianngo hadiah,// 5
ka wawakilna yang manon,
kuring teh suka kacida,
mun daging dipake nadar,
jeung dipake Mulud Rosul,
atawa nu salametan.

11. Tah kitu purwana mukti,
banda teu rusuh diruksak,
mangke dahar heula gawe,
cape heula mangke senang,
teu bisa wajib diajar,
henteu kajurung ku napsu,
kabawa ku adil sabar.

2. SAIR

1. Dupu nu jenenge gusti,
di nagara Kuta Alam,
Kanjeng Sultan Abdul Alim,
ratu adil palamarta
kawantu terah pandita,
sae semu sareng tata,// 6
nu tarahal jadi rata.

3. ASMARANDANA

1. Seueur jalmi nu ngabakti,
di dinya ngadon puasa,
ngirangan dahara jeung sare,
sadaya nu ngadeueusan,
sami narampi piwulang,
anu wangsul ambarikung,
dihampur nyandak luang. (sic gurwil)

2. Sang parabu welas asih,
asih ka eusi nagara,
siang wengi henteu petot,
anu maju anu mulang,
sami sumping ka bumina,
nu nadar nu hajat Rosul,
bet kawas dongkap ti Mekah.

3. Parantos muji ka nagri,// 7
parantos muji ka raja,
muji ka sadaya kaom,

nu keresa ngalih ngolah,
sareng kersa pepelakan,
tuangeun sadaya mahluk,
mugi salamet nu tuang.

4. Nu di tuang kitu deui,
teu jadi sakara-kara,
malah mugi jadi landong,
salamet dunya aherat,
salamet pangeusi alam,
lulus mulus sareng batur,
ulah aya pancabaya.

5. Ayeuna nu kapiwatri,
sang raja keur magelaran,
anu ngadeuheus ngaberes,
raden patih pangpayuna,
Jaya Sumitra jenengan,
sang parabu // alon nyaur, 8
Yayi Patih jadi Akang.

6. Akang teh nuju prihatin,
hiji perkawis pun anak,
kadua perkawis bojo,
tapi pun biji mah ajal,
nya dalah atuh kumaha,
pinasti kersa Yang Agung,
katiluna bab impian.

7. Akang ngimpi tengah peuting,
harita akang teh nyaba,

sareng sadayana mitra,
mendak sahiji walungan,
ti Hilir kiruh caina,
sadayana mitra maju,
barang dongkap ka sirahna.

8. Caina ngagenclang wening,
sirahna aya talaga,
di tengahna aya pulo,// 9
eusina kembang campaka,
ceuk lahir campaka warna,
ceuk batin anu satuhu,
kembang teh campaka mulya.

9. Dinya aya resi sidik,
kawasna eukeur tatapa,
muridna mah kabeh sato,
ngan aya opat jelema,
murid eta sang pandita,
bet Akang kabujeng emut,
teh kumaha balukarna.

10. Raden patih nyembah ta'dim,
nun manawi henteu lepat,
ti hilir cai kiruh teh,
semi//na aya amarah, 10
dupi ningali ti laga,
yen bakal aya inuhung,
nu ngasta ieu nagara.

11. Dupi misil kembang tadi,

ningali campaka warna,
kembang misilna carios,
eta basa warna-warna,
dupi misilna pandita,
campaka mulya nu agung,
jembar Kanjeng Rosululloh.

12. MIsil ningal maharesi,
gusti teh bade mantuan,
ka terah-terahing isor,
husu ka jalan utama,
mahi k eusi buana,// 11
wawakilna kanjeng rosul,
Muhamadinil Mustopa.

13. Sang prabu ngadangu patih,
raos caang bumi alam,
saurna patih perlente,
sang perbu alon ngandika,
duh Rai Mangku Nagara,
Akang teh nuhun sarebu,
susah sae balukarna.

14. Tapi Akang susah deui,
ku Nyai Sekar Kancana,
dilamar raja salawe,
ti nagri Perang Bubarja,
si maha Kolambi raja,
nu salawe kabeh guyuh,
sakabeh hayang migarwa.

15. Tah kumaha// atuh Yayi, 12
urang piakaleunana,
salamet Si Nyai Denok,
ulah loba salakina,
sok sumawonna lawean,
sok sanajan dua tilu,
istri mah taya turunan.

16. Sareng ieu geuning Rai.
asa urang acan lila,
bakating genah carios,
meuni henteu malik sila,
ti sore tepi ka beurang,
aya pitulung Yang Agung,
tunduh kesel henteu aya.

17. Ieu enggeus pajar sidik,
kumaha atuh kumaha,
rahaden patih ngahalon,// 13
duh Gusti perkawis eta,
manawi widi paduka,
nu ngalamar sina mundur,
etang-etang saembara.

18. Saha nu hoyong ka putri,
kedah perang roka jiwa,
saupami abdi kawon,
ka dinya putri jodona,
bunga manahna sang raja,
lamun kitu atuh nuhun,
nu anom nalang kasusah.

4. SINONIM

1. Den patih nyembah amitan,
nyium ka sampean gusti,
saparantos tilu lengkah,
ngangkat tangan bari muji,
subhana yaa// alaihi, 14
mugi dikabul aya maksud,
bade merangan nu murka,
mugi leungit ati sirik,
leupas angkat den patih lajeng ngandika.

2. Eh sakabeh wadya bla,
aya dawuh kanjeng gusti,
Kaula jadi wakilna,
deuk nundung para bupati,
sugri nu hoyong ka putri,
kudu wani perang pupuh,
lamun Kul eleh perang,
kapimilik nyai putri,
sadayana walon sumeja ngiringan.

3. Harita kempelan bubar,
kacarios raden patih,
nepangan// salawe raja, 15
barang jol teh raden patih,
ngandika raja Kolambi,
eh raja ponggawa cunduk,
datang ka hareupeun urang,
raden patih wlon ta’dim,

jisim abdi ngemban dawuhan sang nata.

4. Sarehing dampal gamparan,
ngalamar ka agan putri,
nanging aya pamundutna,
hoyong ningal perang tanding,
dupi senapati jurit,
sim abdi nu mapag pupuh,
sakitu dawuhan rama,
upami kawon sim abdi,
agan putri tangtos kersa ka Gamparan.//16

5. Sang raja kaget manahna,
nguping saur raden patih,
lajeng sang raja ngandika,
rasa Kula paman patih,
entong make perang jurit,
paman dibere sarebu,
atawa dijieun raja,
ku Kuring dijieun wakil,
sabab kuring tilu taun pangantenan.

6. Den patih ngajawab keras,
eh maneh raja ngalabi,
diri kami moal cidra,
tina// dawuh kanjeng gusti, 17
najan dijieun bopati,
gajih sabulan sarebu,
diri kami henteu hayang,
sieun bendu kanjeng gusti,
kami untung lamun ajal dina perang.

7. Raja Kolambi amarah,
nurus tunjung maneh patih,
teu beunang dipikanyaah,
eh kabeh para bopati,// 18
geura tangkep ieu patih,
den patih dihuru ribut,
ngamuk ka bala Korawa,
perjurit pating jarerit,
sasambatna aduh Gusti Abdi tiwas.

8. Geus bubar bala Korawa,
teu kiat ngalawan patih,
tumbak pedang henteu teurak,
pelor rante henteu nepi,
geus ngacacang Raden Patih,// 19
sosoak nangtang ka musuh,
sok saha deui nu hayang,
migarwa ka Nyai Putri,
lamun maksad ulah mundur tina perang.

5. DURMA

1. Geus kadangu panang ku paraja,
sadayana sami pusing,
lumehet ka pangperangan,
jeung musuh adu hareupan,
Raden Patih nanya bengis,
eh// musuh saha 20
nu ditanya walon bengis.

2. Ieu kamu ngaran Durjana Ariya,

ngaran ratu Bandar Wesi,
perkara putri dipenta,
mun teu dibikeun dipaksa,
diri maneh tangtu mati,
ku ieu pedang,
Raden Patih walon bengis.

3. Eh Duryana eta pedang cobba, (sic gurwil)
bunuhkeun ka sirah kami,
Sang Durjana// Nyabut pedang, 21
dikadekkeun henteu teurak,
Raden Patih leuwih sakti,
weduk salira,
Durjana ngalahir bengis.

4. Enya bener maneh gagah perkosa,
coba geura bales kami,
Den patih enggal ngajawab,
hade leungeun kami tampa
Den Patih jebet nampiling,
Durjana jopak,
golokgok or utah getih.

5. Waja Bala su//rakna ambal-ambalan, 22
henteu lami datang deui,
ti nagri Nusa Tambaga,
Sang Raja Kala Baraja,
raja gagah taya tanding,
ku matak gila,
dina makalangan jurit.

6. Dasar gandang semu taya kagilana,
soantenna langkung tarik,
paribasa cara gelap,
hayu patih urang perang,
kami hayang geura kawin,
ka anu lenjang,
Sekar Kancana nu geulis.

7. Raden Patih lumebet ka pangperangan,
silih dupak silih biti,
silih tajong silih sepak,
sami kiatna,
pedangna sami ditarik.

8. Raden Patih bek dipedang tarik pisan,
Raden Patih henteu gimir,
bek dipindo masih kiat,
barang katilu kalian,
pedangna lajeng ditakis,
Sangakala Baraja,
bek dipedang ngajumpalik.

9. Batang deui halad ti Nusa Tembaga,
ngagotong baraja aji,
ku pribumi disurakeun
ku Raden Patih dicaram,
eh sakabeh perejurit,
ulah nyurakan,
repeh sakabeh perjurit.

10. Katingali // ku Sang raja Pulu Jenar, 24

ingkang tijumpalik resi
Sang Ariya Seta Ganda,
aosan baga purusa,
najan nu teu hayang minti,
sang raja luncat,
bade mapag perang jurit.

11. Musuh lawan harita adu hareupan,
estu wani pada wani,
Den Patih rada iyatna,
wantunning lawanna gagah,
Raja Seta Ganda bengis,
jeung nyabut keris,
coba tadah keris aing kuat.

12. Raden Patih diteuweukan leuwih kuat,//25
Seta Ganda neuweuk deui,
cul keris pek nyabut pedang,
Den Patih dipedang kuat,
Seta Ganda leuwih pusing,
lajeng dicandak,
salirana Raden Patih.

13. Dibalangkeun raosna mah jauh pisan,
Raden Patih henteu geubis,
Seta Ganda ambek pisan,
eh Patih nyata digjaya,
enggeus cape teuing,
neuweuk jeung medang,
geura pek males ka kami.

14. Raden Patih sarenget matek wangkingan,
badi mureng geus dicangking,
bijil pamor // subhanallah, 26
katingal ku Seta Ganda,
ngajerit maratan langit,
tobat Pangeran,
mana panas-panas teuing.

15. Seta Ganda ngabecir ti pangperangan,
ger surak balada pribumi,
Seta Ganda ngadeuheusan,
raja Kolambi kasampak,
raja Kolambi ngalahir,
eh Seta Ganda,
kumaha beunang Si Patih.

16. Seta Ganda ngawalon jeung dumareuda,
duh Gusti teu kiat abdi,
ayeuna sadaya-daya,
raja Kolambi ngandika,
keun deuk lawan ku kami, // 27
moal burung modar,
jeung rajana ge dibasmi.

17. Nu ambarat Sang Raja Kolambi angkat,
tunggang gajah anggo ginding,
panganggona muruh mubyar,
nganggo makuta kancana,
diteretes inten rukmin,
dasar sang raja,
lir Sang Dasamuka Aji.

18. Anu nangtang harita gantawang nyahda,
hayu patih perang jurit,
jeung kami urang tandingan,
ngadu sakti ngadu rosa,
enggal sumping raden patih,
ka pangperangan,
den patih ngandika asri.

19. Mangga Gusti ngiringan kersa Gamparan,// 28
sanajan abdi teu wani,
ayeuna kedah wayahna,
mapag ka dampal Gamparan,
sang raja bengis ngalahir,
eh adah lenyap,
Maneh geus tangtu dipeuncit.

20. Raden Patih diperekpek pedangan,
langkung kiat raden patih,
jol tulale gajah newak,
ka Raden Patih Ariya,
Den geus mesat badi,
muret turunan,
ti Sari Alam Nagari.

21. Eta muret pamor badi subhanallah,
damel Sangyang Ramayadi,
basa dicandra di muka,
numawi matih kacida, // 29
geleper awak ngadidir,
gajahna reuwas,
ngejat raja tijumpalik.

22. Geubis gugah raja Kolambi amarah,
seug ditewak raden patih,
dibalangkeun tarik pisan,
di payuneun raja ragragna,
bungah manah Sang Kolambi,
raosna meunang,
lumebet ka jero puri.

23. Sajajalan henteu pegat sukan-sukan
wantu meunang perang jurit,
den patih enggeus dibuang,
ayeuna tunda nu angkat,
kacarios Sang Narpati,
di jero Pura,
sareng Sang Retna nu manis.

6. DANGDANGGULA

1. Miwulang ka putri // 30
Sang Prabu manis ngandika,
eh Nyai Eulis nu aneh,
Mama teh aya panuhun,
timbangan Ama mah Nyai,
kedah kersa carogean,
ka ratu nu jegud,
nu seueur dunya barana,
pikeun nganteur sakahoyong keur di lahir,
pibekeleun ka aherat.

2. Sareng ieu nagara teh eusi,
bakal ruksak lamun teu diubaran,
ubarna nya diri maneh,
lamun teu kersa tangtu,
ieu nagara teh rujit,
tatapi lamun keresa,
ieu nagri mulus,
moal aya//panacabaya, 31
Agan Putri nyembah ngawalon ka Gusti,
sumuhun dawuhan Rama.

3. Menggah abdi moal gasik nampi
ka dawuhan yen kedah lakian,
abdi bade nimbang hate,
teu gampil nu jadi ratu,
pigentoseun Kangjeng Gusti,
kedah salapan martabat,
nu opat kulanun,
hiji kedah satiawan,
kaduana darmawan sidik pribadi,
tilu martabat hartawan.

4. Kaopatna mertahat kawarti,
nya gunawan damel anu nayata,// 32
dupi nu kalimana teh,
budiman nu alus semu,
kagenep kersa ngabakti,
katujuhna manah sabar,
kadalapan kukuh,
matep manah ka Yang Sukma,
kasalapan mukti jantika sinalih,

ngaranna dua kalimah.

5. Anu hiji wijaksana sakti,
nu kadua merdika sampurna,
tara nuding ka nu sanes,
boh awon boh sae laku,
sumawonten manah sirik,
Anjeuna mah luput pisan,
henteu nganggo ujub,
ka nu kitu mah sumangga,// 33
Abdi Gusti siang wengi saja ngiring,
panutan dunya aherat.

6. Sang Prabu nguping saur Putri,
bungah manah raos dicaangan,
sang parabu nyaur sareh,
dawuh Eulis Ama nuhun,
muji ka Gusti Yang Widi,
nya sukur alhamdulillah,
di kobul nya maksud,
mun carang anu kitu mah,
saupami raja lain terah nabi,
teu bisa salapan jaman.// 34

7. Barang raja eukeur gundem warti
gebut bae radrn patih ragrg,
Sang Parabu nyaur kaget,
eh patih kumaha atuh,
Patih walon nyembah nangis,
duh Gusti sadaya-daya,
Abdi perang pupuh,

sareng hibar unggul perang
manging abdi dilawan hiji bupati,
jenengan Kolambi Raja.

8. Abdi Gusti seja pasrah diri,
pati hurip didampal paduka,
raga nyawa kitu keneh,
Sang Parabu alon nyaur,// 35
eh Patih urang pinasti
ieu perkara nagara,
dilindih ku batur,
nya atuh dalah kumaha,
Agam Putri solondo ka payun Gusti,
dat nyembah bari unjukan.

9. Dawuh Gusti pupujaning ati,
mugi-mugi manah Kanjeng Rama,
sing percanten ka yang manon,
ieu nagara teh tangtu,
dirajaan kun u leuwih,
terahing ahli mertapa,
estu tetes Rosul,
sareng saur pami dongkap,// 36
bade maksa eta Sang Raja Kolambi,
Abdi bade babadekan.

10. Saupami badek abdi Gusti,
tiasaeun sang raja jawabna,
Abdi teh sumangga bae,
barang eukeur gunem catur,
jol sumping Raja Kolambi,

bari sasauran keras,
eh ayeuna Sang Ratu,
perkara Putri kumaha,
dosa maneh mapag jurit,
Putri mun teu daek modar.

11. Agan putri manahna geus gilig,
nguping Rama ku semah diunghak,
agan putri nyauran teh,
duh Gusti Raja nu agung,// 37
mugi sabar manah Gusti,
sumangga abdi ditikah,
mung aya panuhun,
abdi gaduh babadekan,
enya eta kedakak sareng kedakik,
jadi buah pancawarna.

12. Barang raja nguping saur putri,
bungah manah lajeng sasauran,
aduh nyai eta badek,
kedakak eta ashadu,
anal ilahailallah,
kedakik waashaduanna,
ya Muhammada Rosul,
ari buah pancawarna,
enya eta waktu lima anu misti,
sakitu katerang Akang.

13. Agan putri nyusul saur tadi,// 38
nuhun pisan Gusti tawis Islam
nyaurkeun kalimah roro

midamel nu lima waktu
eta teh kumaha deui,
midamel teh na iraha,
nyuhunkeun nu dumuk,
sang raja deui ngandika,
eta mimitina salat Subhi,
nya anu du rakaat.

14. Kauana enya salat Duhri,
katiluna enya slat Asar,
opat salat magrib sae,
lima salat isa kudu,
agama muji ka Gusti,
sinembahna sareng pekna,
anu lima rukun,// 39
seueur deui jaba eta,
waktu lima malaikat sareng nabi,
sahabat sareng imamna.

15. Agan putri nyembah nyusul warti,
nuhun Gusti rukun unu lima,
kumaha saterasna teh,
ku batur disebut pupus,
atawa disebat mulih,
sareng disebatkaeun wapat,
bet jasad dikubur,
jasad kumaha petana,
raja bengong ngadangu panyusul putri,
raja kapegat aturan.

7. PUPUH MAGATRU

1. Raja Kolam ka Rade Patih seung nyaur //40
   coba Patih geura indit,
   neangan pandi ta weruh,
   nu bisa ngajawab putrid,
   dat nyembah patih ka gusti, (sic)
   ti payuneun raja leos.

2. Raden patih ngiringkeun balai sarebu,
   milari pandi ta sidik,
   ngotek ka unggal lembur,
   seueur ge bangsa kiai,
   kana siloka teu hartos.

3. Tina weleh di nagri lajeng ka gunung,
   nyorang leuweung anu werit,
   seueur sato badak senuk,
   sing galak oray matih,
   loba balad nu (…) pacok.

4. Tunda heula raden patih nu keur Liwung //41
   ngiringan balad perjurit,
   kocap aya hiji kampong,
   kasebut ku unggal jalmi,
   Dukuh Kamayang kasohor.

5. Kokolotna Ki Sarpana geus kaceluk,
   istrina ibu Sarpini,
   lembur resik sisi laut,
   salembur ngan tujuh bumi,

ngajaringna heunteu petot.

6. Padamelan siang weungi ngala lauk,
jualeun ka urang nagri,
ari dina hiji waktu,
lembur kadatangan banjir,
harita sarpana repot.

7. Cai saat kinten lamina saminggu, //42
aya nu kapiwarti,
putra Ratu Puseur laut,
putri geulis Nagawati,
keur ambeung kabawa erod.

8. Nagawati teu bisa deui ka laut,
linggihna handapeun kai,
ingon-ingon urang lembur,
didahar ku Nagawati,
hayam meri soang entog.

9. Embe domba didaharan sore isuk,
cekcok urang lembur leungit,
meri hayam unggal isuk,
tina pusingna diintip,
kapanggih Naga ngrengkol. //43

10. Der dikepung Naga euleugeug ngalunjuk,
bijil peurah Nagawati,
nu ngepung sadaya ripuh,
jol sumping aya kiai,
Kiai Sarpana ngangon.

11.Nagawati ningal ka Sarpana tungkul,
tarima dosa pribadi,
Ki Sarpana alon nyaur,
eh naga maneh pinasti,
hutang pati kudu maot.

12.Diri maneh ku kami bakal dihukum,
tapi kumaha sudeli,
maneh rek dijual tangtu,
meureun ka tukang tarasi,
harita digusur leos.

13.Disurakeun Nagawati sujud sukur, //44
nuhun ka Gusti Yang Widi,
dosa teu kacandak pupus,
bade dibayar kiwari,
ayeuna gentos carios.

14.Kacarios nu tapa di luhur gunung,
asal urang nagri Mesir,
estu teharing linuhung,
jenenganana kawarti,
Maharesi Baguta Ranum.

15.Aya deui Raden Sasmita disebut,
atawa Satiawarni,
opat rencangna teu kantun,
pangsepuhna rencang Resi, //45
kakasihna Sabad Palon.

16.Nu kadua Naya Genggong rencang Wiku,
katiluna rencang Resi,
nya Tulak Naga kasebut,
kaopat Wiragatani,
sadayana sami rido.

17.Ngiring-ngiringna kersana maha Wiku,
ka cai jadi saleuwi,
ka darat jadi sagunung,
sapapait samamanis,
harita damel ka kebon.

18.Maharesi Bagus Anom alon nyaur,
eh kakang Palon Kiai,
nuhun mitra sami kumpul, //46
kula wengi tadi ngimpi,
pendak sareng Putri Denok.

19.Ditalian ku jalmi bari digusur,
eta jalmi ngomong bengis,
tah kitu siksaan mahluk,
nu julig di bales julig,
nu rido dibayar rido.

20.Eta Putri ku Kula bet mundut tulung,
bari nyaur lengas lengis,
duh gusti sim abdi tulung,
keur kitu aya nu sumping,
ka Kula maparin artos.

21.Genep welas duit dinar emas wungkul,

tah ieu buktina duit, //47
sabda Palon walon nuhun,
bari ngareret wawarti,
ka Kiai Naya Genggong.

22.Tah ki Naya geuning juragan mah kitu,
ngimpen oge heunteu jalir,
manah urang kudu kukuh,
maksud urang kudu bukti,
nunuhun teh ulah petot.
23.Naya Genggong ngagantawang walon saur,
duh Gusti panuhun abdi,
ayeuna eunggeus dikabul,
maharesi nampi duit,
mun idin keur modal koclok. //48

24.Tulak Naga seug nyaur jeung bari nunjuk,
kang Naya teu boga isin,
da buktina nyaur kitu,
eta maen heunteu widi,
matak cape hate repot.

25.Naya Genggong ngagakgak bari nunuhun,
eh Abdi nuhun saketi,
meh bae Aka kaliru,
bade nyorang maen deui,
ayeuna mah Aka hamo.

26.Maharesi ngadangu mitra cacatur,
lajeng nyaur Maharesi,
ayeuna marangga atuh, //49

urang sadayana ngalih,
ti gunung Surandil mimios.

27.Maharesi angkatna sareng tapakur,
tetep muji ka Yang Widi,
para rencang nya kitu deui,
saadt jeung resi,
teu patos seueur carios.

28.Maharesi nu lungsung ti luhur gunung,
ka parapatan dugi,
jalan ngaler jalan ngidul,
jalan ngetan rupi adil,
jalan ka kulon molongpong.

29.Jalan opat diteuteup ku Mahawiku,
sadayana jalan muni,
malah jalan kabeh asup, //50
kana kalbu Maharesi,
tapi ceuk sahiji kaol.

30.Jalan ngaler hatar dunya ceuk pituduh,
jalan ngidul taya tatani,
ku sato hewan katurut,
jalan nu wetan muni,
urus mahlukna yang manon.

31.Jalan kulon asalamualaikum,
ngebatkeun pagoning nabi,
nu hadis wakil Yang Agung,
nya Kanjeng Nabi sinelir,

jeung Nabi Muhammad yaktos.

32. Ya Muhammad eta enya Kanjeng Rosul,
nu ngasta aciroh mu'min,
sareng roh sadaya mahluk,
yasin padilah ngalahir, //51
rosulun ajihjut eroh.

33. Jalan opat sadayan kalbu Wiku,
di tengah aya nu muni,
eh anu bagus Kiai,
kami the jadi narpati,
maneh nglakon buparos.

34. Jalan wetan ku maneh kudu diurus,
nyeuri peurih sing kapanggih,
nandang wirang masing teguh,
mangke mulya kapanggih,
ka sasama hirup asor.

35. Maharesi saparantos kenging dawuh,
teu kersa guru hakeki,
ku gesi enggon tapakur,
kaluar ti jero masjid, //52
ka rencangna nyaur alon.

36. Kakang Palon ayeuna sumangga atuh,
urang angkat titih rintih,
sabda Palon walon saur,
jisim abdi seja ngiring,
ka kersa Den Bagus Anom.

8. PUPUH SINOM

1. Geus tebih ti parapatan,
   angkatna Sang Maharesi,
   heunteu kantun opat rencang,
   wantuning nu sapapait,
   kitu deui siliasih,
   sapereti amis madu,
   amis seungitna teu pisah,
   ngaran tilu jadi hiji,
   Bagus Amon sareng rencang Lepa angkat. //53

2. Lapat-lapat katinggalan,
   seeur jalmi balawiri,
   aya nu susurakan,
   hoyah horseh siligenti,
   pokna sia puas teuing,
   si sato galak ka batur,
   sia dibales ayeuna,
   tangtu dijieun tarasi,
   Nagawati pasrah manah ka Yang Sukma.

3. Beuki asur anu angkat,
   husu hoyong geura sidik,
   ka eta jalmi nu surak,
   teu kakuping margi tebih,
   ningal nake kitu deui,
   nembe remeng-remeng ma’lum,
   seueur ngahalanganana, //54
   nu mawi teu acan sidik,

enggal dongkap Maharesi ka jalma nu loba.

4. Naros asor pupuntenan,
punten ka sadaya abdi,
ieu the kuma margina,
mana surak rame teuing,
kiai Sarpana bengis,
dikatakon maring isun,
iki mang Dukuh Kamayang,
maksud males hukum pati,
gawe ala iki kula mangna hewan.

5. Teu ngari hayam jeung soang,
embe domba entog meri,
ruksak dihakanan Ula,
ayeuna maksudna jalmi, //55
ieu naga pake ganti,
ku kami arek dihukum,
naga ningal sidik pisan,
ka pameunteu Maharesi,
yen tetela caroge jaman baheula.

6. Nyaur salebet manahna,
dus gusti tobat sim abdi,
tina abdi neja bela,
dawuhan Gusti Yang Widi,
abdi kedah salin jisim,
jadi Putra Raja Laut,
mun nganggo jasad manusa,
moal tahan jisim abdi,
tangtos pisan ka abdi seueur nu haying.

7. Maharesi sidik manahna,
kana manah naga tadi, //56
lajeng Mahersi ngandika,
manis budi lengas lengis,
manawi sadaya widi,
dipeser bae kulanun,
Ki Sarpana walon keras,
naha sabaraha wani,
Maharesi walon kedah sabaraha.

8. Sarpana ngwalon keras,
lamun wani hade beuli,
kudu genep belas dinar,
Maharesi bungah galih,
disanggakeun eta duit,
sarpana suka kalangkung,
nampa dinar genep welas,
harita dibagi-bagi,
gagantina anu didahar ku Naga.

9. Parantos nampa mah mudal, //57
kantun kersa Maharesi,
mayunan Panjara Naga,
jol sadaya rencang dugi,
kapayuneun bari nangis,
duh Gusti sim abdi ampun,
sim abdi ulah ditilar,
ti lahir dugi ing batin,
sareng ieu rencang-rencang sadayana.

10.Maharesi alon nyabda,
duh Kang Palon nuhun teuing,
mugi kersa Maha Mulya,
ngabulkeun maksad nu wening,
sami kukuh pengkuh bakti,
ka Gusti Nu Maha Suci,
nu nyaangan kabeh alam,
mugi mitra sami didik,
nu dimaksad salamet dunya aherat,

11.Ki Naya Genggong haturan, //58
duh Gamparan nuhun teuing,
salamet dunya aherat,
salamet lahir jeung batin,
du dunyana loba duit,
dirutu ku batur-batur,
loba banda ti Eropa,
rahayatna balawiri,
bojo geulis boga anak di sakola.

12.Diajar basa Walanda,
parasman jeung basa Inggris,
dua puluh lima basa,
para putra mun geus ngarti,
tang raos pikir abdi,
komo manah sepuh,
senang ka wargi-wargina,
senang ka paman ka embi,
meureun kitu sangkaan salamet dunya.

13.Sang Tulak Raga ngabantah,

tapi Aka najan tepi, //59
kana salametna dunya,
masih keneh mangmang pikir,
pikir sieun ku nu julig,
teu percaya ka nu Agung,
Akang urang palangsiang,
seueur cidra tina jangji,
seueur mungkir kana dawuh nu miwulang.

14.Ki Naya Genggong namalang,
aeh dewek pacur mungkir,
na atuh kudu kumaha,
kumawula beurang peuting,
najan keur sare ngajempling,
lamun torojol panyaur,
teu majar maneh kumaha,
najan wanci tengah peuting,
geuning Aka ku Adi ge kasaksian.

15.Ki Sabda Palon nagndika, //60
naha bet carekcok teuing,
bet teu isin ku Juragan,
maharesi ngandika manis,
sawios Kang ulah isin,
urang mah sasami mahluk,
sareng eta mangga tinggal,
tuh dina handapeun kai,
aya Naga ngaringkuk dina panjara.

16.Sabda Palon sidik ningal,
ka Naga nu salin rupi,

nangis salabeting manah,
duh Gusti nu welas asih,
ka sadaya eusi bumi,
tujuh lapis mugi tulung,
sareng langit sadayana,
eusina nu tujuh lapis, //61
mugi-mugi Gusti maparinan jalan.

17.Jalan sampurna utama,
keur nulung mahluk Yang Widi,
nu tacan keresa tobat,
ka Gusti jeung ka sasami,
Ki Naya Genggong ngalahir,
tah tepa mah geura baku,
sok ngahuleng teu karuhan,
harita Naga the leungit,
Maharesi kage ningal Naga ilang.

18.Sang Maharesi ngandika,
duh Kakang naga the leungit,
Ki Naya Genggong namalang,
leungit naga leungit duit,
kumaha bae sim kuring,
juragan teu puguh-puguh, //62
ngagaleuh naga siluman,
lebar temen eta duit,
beunang kuring nyuhunkeun ka Nu kawasa.

19.Maharesi alon ngandika,
eh Ki Naya dulur kuring,
Anjeun mugi sing percaya,

ka kersa Gusti Yang Widi,
enjing oge dongkap deui,
malah dua tilu kitu,
tapi ti bangsa jelema,
jelema nu pangkat patih,
Naya Genggong atoh ngupingkeun dawuhan.

20.Ki Naya teu sasauran,
ceungeung ka Gusti Yang Widi,
mugi sabdana pandita,
dikabulkeun ulah jalir, //63
harita geus pajar sidik,
cahya panon poe hurung,
pukul lima jalan-jalan,
milari hawa nu tiis,
tabuh genep panon poe jawil medal.

21.Tepi ka pukul dalapan,
Naya Genggong tacan balik,
ramang-ramang katinggalan,
beuki sidik beuki sidik,
aya jalma balawiri,
kawas jalma kapidangdung,
buktina patanya-tanya,
Naya Genggong nyaur tarik,
eh wong akeh takon-pitakon sampean.

22.Kakuping ku wadya bala,
harita nepangan sami,
Ki prajurit teras nanya, //64
Paman teh anu ti mendi,

jeung saha emang kakasih,
Ki Naya Genggong ngawangsul,
pun Emang wasta Ki Naya,
Emang rencang Maharesi,
keur ngadago patih anu ngagantian.

9. PUPUH KINANTI

1. Kaget balad saredadu,
   lajeng naros sarta ta'dim,
   naha Mama bet uninga,
   ka nudiiring ku kuring,
   ki Naya ngawalon hormat,
   kuring terang ti kamari,

2. Margi dawuhan Sang Wiku,
   nu bakal ngaganti duit, //65
   kali tilu genep welas,
   jalma-jalma boga patih,
   ayeuna nyandang kasusah,
   keur kitu jol Raden Patih.

3. Ki Naya Genggong seug muru,
   tumaros ka raden patih,
   Juragan saha jenengan,
   walon hormat raden patih,
   cobi Paman kulo torah,
   Ki Naya ngawalon ta'dim.

4. Mung gamparan ulah bendu,
   upami teu leres abdi,

Gamparan utusan raja,
pangkat Gamparan papatih,
mung Gamparan kedah mayar,
etang-etang buka kunci.

5. Pat puluh dalapan kudu,
duit dinar kudu bukti, //66
tangtos hasil nu dimanah,
mo jadi rereged galih,
den patih harita mayar,
Naya Genggong nampi duit.

6. Talami harita tuluy,
ngadeuheus ka Maharesi,
Maharesi setiya luge,
tina tempat mujasmedi,
tumaros narimbang sembah,
duh Gusti Gamparan sumping.

7. Sim abdi nuhun sarebu,
naon pikersaeun Gusti,
rurumpaheun kersa angkat,
nepangan ka pakir miskin,
den patih ngawalon hormat, //67
sim kuring meureun kagalih.

8. Sim kuring moal piujuk,
eta teu lepat kiai,
kumaha anu dimaksad,
kinten-kinten bakal hasil,
Maharesi walon kantenan,

sim abdi ngajawab putrid.

9. Babadekna anu kitu,
kedakak sareng kedakik,
sareng buah pancawarna,
ku abdi tangtos kabukti,
Den Patih bingah manahna,
walon nuhun Raden Patih. //68

10. Harita sadaya lungsur,
ti gunung ka sisi nagri,
diiring ku Raden Patya,
ti pungkur balad perjurit,
tunda anu keur di jalan,
kocap nu jero puri.

11. Sang Maharaja ngadawuh,
angger kumaha den patih,
Raja Kolambingajawab,
upami teu dongkap Patih,
putra tanwande dipaksa,
ku jisim abdi dikawin.

12. Barang eukeur gundem catur,
Den Patih torojol sumping, //

Thank Abah….dari Ulun